EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz



# РУЎХЫЙ КӘМИЛЛИКТИ ҚӘСТЕРЛЕГЕН АЛЫМ

**Айтмуратова З.**
Нөкис. Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик университети
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10213204

ARTICLE INFO
Received: 20th November 2023
Accepted: 27th November 2023
Online: 28th November 2023
KEY WORDS

ABSTRACT

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.Мирзиёев Қарақалпақстан Республикасындағы сайлаў алды ушырасыўында мәмлекетимизде илим-пәнниң раўажланыўына мүнәсип үлес қосқан марҳум академиклер қатарында академик Жуманазар Базарбаевтың салмақлы хызметин атап көрсеткен еди.

Президентимиздиң «Заман менен ҳәмнәпес дөретиўшилик етип, басқаларға өрнек ҳәм үлги көрсетип атырған пидайы, белсенди зиялыларымыздың көпшилик бөлегин бүгинги даўримизда көриў маған үлкен қуўаныш бағышлайды. Олардың дөретиўшилик излениўи ҳәм табыслары, әсиресе Өзбекстанның бүгинги турмысына бағышланған мазмунлы шығармалары ҳаққында узақ сөз етиў мүмкин ҳәм буның ушын биз олардан миннетдармыз»[1.183] деген сөзлери биз сөз етпекши болған алымның илимий дөретиўшилик хызметине айтылғандай сезиледи.

Жуманазар Базарбаев Қарақалпақстанда философия – социология тараўында өзине тән мектеп жаратты. Ол философ алым болып қәлиплескен дәўиринен баслап, усы илимниң көп тараўлары бойынша жоқары қәнигеликтеги илимий – педагог кадрлар таярлаўда да айырықша дыққат итибарға ылайық ислер менен көзге түсти. Академик Ж. Базарбаев миллий идея ҳәм идеология, мәнаўият, жәмийетлик, сиясий – философиялық машқалаларды ғәрезсизлик жылларында ҳәр тәреплеме раўажландырды. Ол өзиниң пүткил саналы өмирин, барлық күш – жигерин, талантын илим ҳәм билимге бағдарлады. Алымның «Әдепнама», «Одобнома», «Инабат», «Өмир – бул сананың көтериңкилиги», «Миллий идея – бизиң идеямыз», «Әййемги Окс дәрьясының төмениндеги Зардуштийликтиң излери», «Әдеп философиясы», «Даналығы гөззаллыққа уласқан шайыр», «Руўхыятымыз маржанлары ямаса үлгили ел үлкенин, көргенли ел өткенин қәстерлейди», «Руўхыйлық тийкарлары», «Қарақалпақ этнопедагогикасы», «Миллий идея – жол көрсетиўши жулдыз», «Мухаббат бостаны», «Адам саўдасы – қуллық таңбасы», «Қәдириятлар – мәнаўият арнасы», «Өрнекли өмир», «Әдебият - ибрат мектеби», «Руўхыйлықтың әдеп – икрамлылық тикарлары» (оқыў қолланбалары), «Өзликти аңлаў мәнаўият өзеги» ҳәм басқа бахалы сабақлықлары, сөзликлери республикамыздың илимий жетискенлериниң қунлы табыслары болып

табылады.Академик Жуманазар Базарбаевтың ҳәр бир илимий мийнетлериндеги руўхый мәдениятлылық ҳәм руўхый кәмиллик ҳәм руўхый әдеп-икрамлылық мәселесине байланыслы жазылған мақалаларын дыққан пенен оқып киятырман.

Алымның «Өмир – бул сананың көтериңкилиги»[2.220] мақалалар, сәўбетлер мийнетиндеги «руўхый мәдениятлылық елимиз келешегиниң гиреўи» мақаласында республикамыз ғәрезсизлигине шекемги ески идеологияға төмендегише баҳа береди. «Ол идеология руўхыйлылығымызға зорлық ислеп, өзлигимизди-руўхый байлығымызды өширип, оның орнына бизиң санамызға басқа руўхый дүньяны сиңдириўге қаратылған еди» - деп көрсете отырып руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық бул миллетлерди бирлестириўши ҳәм ҳәрекетке келтириўши күш екенин, саўатлылық ҳәм ағартыўшылық жоқары мәдениятлылықты қәлиплестириўге хызмет ететуғын[3.67] атап көрсетеди. Усы мийнеттиң 109-113-бетлериндеги «Исми ылайық инсан» мақаласында XIX әсирдеги қарақалпақ халқының уллы ойшылы, көрнекли сөз зергери Әжинияз Қосыбай улы жасаған дәўирдиң әдалатсызлықларын көрсете отырып, оның гуманистлик негизлерге тийкарланған халықлық-демократиялық жәмийетти әрман еткен данышпан ойшыл екенлигин көрсете отырып, Әжинияздың философиялық, педагогикалық, эстетикалық руўхый мийрасларын бүгинги күн көз-қарасынан изертлеў зәрүрлигин атап көрсетеди.

Әжинияздың философиялық пикирлеў шеңбериндеги адамның жәмийеттеги орны, қәдир-қымбаты яғный «Бул дүньяның көрки адам баласы» деген қосық қатарларына терең мәни береди. Алымның усы мийнетиндеги «Билимлилик ҳәм өнерлилик келешектиң гилти», «Зиялы ҳәм билимли адамлар деп кимди айтамыз», «Эстетикалық мәденият ҳаққында», «Билимлилер сүринбей өтеди», «Ошағыңа бек бол, отағасы» темаларының өзи жас киши ҳәм жасы үлкенлерге қарата айтылған нәсият сөзлердей терең мәниге ийе. Бердақ бабамыздың «Терең ақыл керек исти билмеге, дегениндей билим ҳәм өнерге ийе болмаған инсан өз ақылы менен ис жүргизе алмайды. Ондай инсанлар тек ғана өзгелердиң көрсетпеси менен жумыс ислей алады.

Мәселен, «Ошағыңа ийе бол, отағасы», мақаласының сөз басында «Жигитлер неге жасқаншақ?... деген сораўды қойып. Бунда «Ошағына ийелик ете алмай жүрген жигитлер… қызларға көз алартқанға қой дейтуғын жигитлер көп емес». Долы ҳаял, -жигерсиз жигит, отағасы болыў жәбир-зулымлық, қабағынан қар жаўдырыў емес, ҳаял-ер, бири-бириниң айыбын жасырыўшылар – деген баҳалы пикирлерин береди.

Ҳәр бир ақыл тоқтатқан жигит өзине өмирлик жолдас таңлап шаңарақ көтергеннен кейинги шаңарақтағы от ағасы болатуғын жигиттиң ўазыйпасы-ошақ басындағы аўыз-биршиликти сақлаў, ата-ана ҳәм қәйин журтына ҳүрмет иззетте болыў, жасы үлкенлерге ҳүрмет, жасы кишиге мийрим-шәпәәт көрсетиў, өз шаңарағын тәмийинлеў, адамгершиликке тән жууапкершиликти түсиниў сыяқлы пазыйлетлерди белгилеп береди.

Алымның «Аққан жулдыз» (М.Нурмухамедовты еслегенде) мақаласын оқығанымызда Қарақалпақстан илиминиң биринши академиги Марат Көптилеў улы Нурмуҳаммедовтың бахытсыз балалық дәўиринен илим шыңларына жетиў жолындағы қайсар мийнеткешлигин ҳәм мәртлигин дәлме-дәл көрсетип береди.Бунда Марат Нурмухаммедовтың дүньяны өз қатарынан бурынырақ танып,

халықтың руўхыятын терең үйренип, арзыўларын түсинип, ертеден - ақ елдиң нәзерине түсип, журтымыздың мақтанышына айланғанын көрсетиўде, оның терең билимданлығы ҳәм адамгершилик қәсийетин, халықтың ҳәм мәмлекеттиң ислерине пидайылығын, айнымайтуғын хадаллығы, адамларға қалыслық жәрдеми ҳәм инсаный ғамхорлығын бүгинги зыялыларға үлги етип көрсетиўи, ҳақыйкатында да М.Нурмуҳаммедов қарақалпақ зыялыларының жарқын жулдызы екенинен дерек береди.

Алым бул мақаласында М.Нурмуҳаммедовтың уллы бабамыз Бердақтың қәўметин тиклеўде ҳәм дүньялық абыройын көтериўдеги "Орысларда - Пушкин, Грузинлерде- Руставелий, Өзбек халқында – Наўайы, туркменлерде – Мақтумқулы, Қазақларда- Абай қандай әҳмийетли болса, Қарақалпақлар ушын Бердақта сондай әҳмийетке ийе" деген пикирин бүгинги Бердақтаныўшылар ушын эпиграф ретинде қәстерленетуғынлығын орынлы атап көрсетеди. Бул мақалада Марат Көптилеў улы Нурмуҳаммедовтың Республикамызға орайдан келген басшыға қарап, "Арада өсек, өтирик сөзлер көбеип баратыр. Буған гейпаралар инанып ис жүргизбекте, өсектен қалай қутыламыз, дегенде өткендеги бир данышпан, өсек айтқанларды қоя берип, өсек тыңлағанлардың қулағын кесе бериң, сонда өсек тоқтайды" - деген төрели гәпти айтып көпшилик басшыларды ойландырғанын еске алыўы М.Нурмуҳаммедовтың әдалатлылық тәрезисиниң басым екенлигинен дерек береди. Алым бул мақаласында М.Нурмуҳаммедовтың илимди раўажланыдырыўда қандай лаўазымларда ислеўинен тысқары, жигирмаға жақын жәмийетлик басламадағы хызметлерди аткарғанын, Қарақалпақ әдебияты бойынша он бир илим докторларын, он тоғыз илим кандидатларын таярлаўдағы оның кишипейиллиги ҳәм қайырхомлық пәзийлетлерине терең дыққат аўдарады.

Ж.Базарбаев бул мақаласына жуўмақ жасаўда М.Нурмуҳаммедовты «Илим дүньясында метеорит» сыяқлы ушқан алым» деп биринши академиктиң руўхый қәдириятын ардақлап бүгинги жасларымызға үлги етип көрсетеди.

Алымның «Руўхый мәдениятымыздың таянышы»[4.42-46] мақаласына нәзер салсақ, Бердақ бабамыз қарақалпақ халқының руўхый мәдениятының таянышы екенин, халқымызда ағартыўшылық ой-пикирдиң қәлиплесиўинде терең философиялық мәниге ийе «Халық ушын», «Надан болма», «Излер едим», «Жақсырақ» қосықларына талқылаў жасай отырып, ол инсаплы, уятлы, сөзинде туратуғын ўәдеге берик адамлардың жәмийеттеги орнын жоқары баҳалайды.

Академик илимпаздың қайсы мақаласын оқып көрсекте, Ана-Ўатанға садықлық, өзликти аңлаў, өз халқының тарийхы ҳәм руўхый мәдениятын қәстерлеў тийкарғы мазмунды ийелейди. Мәселен алымның «Өзликти аңлаў руўхый тиклениў» мақаласында «совет дүзими халықтың өзлигине зорлық көрсетип, оны езип, оның санасына басқа бир руўхый дүньяны сиңдириўге ҳәрекет етти» деп көрсете отырып, «Ҳәр бир халық өзиниң тили менен, үрп-әдети, ырымлары менен ажыралып турады. Тил оның қорғаны, жаратыўшысы ҳәм өзлиги»[5.64] екенин еслете отырып, буннан былай өткен бабаларымыз қолланған сөзлерден пайдаланыў зәрүр екенлигин усынады. Хәттеки ана тилимизди тиклеў миллий ғәрезсизлик идеологиясының тийкарғы шәртлериниң бири екенин атап көрсетеди.

Академик Жуманазар Базарбаевтың руўхый кәмилликти қәстерлеўши илимий көз-карасларын үйренгенимизде қарақалпақ халық дәстанларының тәрбиялық әҳмийети ҳаққында, яғный дәстанлар руўхый байлықларымыздың жоқары мәдениятлылықтың таўсылмас дереги [6.30] екенлигин дәлиллеўге ҳәрекет етеди.

Қарақалпақ фольклорындағы динге, өз миллетиниң дәстүр ҳәм үрп-әдетине, опадарлық ҳәм садықлық сезимлерин қәлиплестириўдеги теңи-тайы жоқ дерек екенлигин көрсетеди. Яғный қарақалпақ халық дәстанлары келешек жасларымыздың өмирден өз орнын табыўында қайғы менен қуўанышты бөлисетуғын, ҳәр бир инсанда гөззаллықты қәлиплестиретуғын тәрбия қуралы екенлигин орынлы баҳалайды.

Жуўмақлап айтқанымызда академик Жуманазар Базарбаевтың илимий дөретиўшилиги менен жазылған философия, тарийх ҳәм әдебият тараўындағы, ҳәр бир мақалалары қарақалпақ халқының тарийхы, мәденияты, философиялық ой-пикирлерин, руўхый дүньясын қәстерлеўге қаратылған мийнетлери бүгинги жасларымыз ушын баҳалы тәрбия қуралы болып табылады.

## References:

1. Мирзиёев Ш.М.Халқимизнинг розилиги бизнинг фаолиятимизга берилган энг олий баҳодир.- Тошкент: «Ўзбекистон» НМИУ, 2018. – 183-бет
2. Базарбаев Ж. Өмир – бул сананың көтериңкилиги, Мақалалар, сәўбетлер, Нөкис «Билим» 1996, 220
3. Сонда 67-бет
4. Ж.Базарбаев. Миллий идея – бизиң идеямыз., Нөкис., «Билим» 2003-ж. 42-46 б.
5. Жоқарыда көрсетилген шығарма 64-бет
6. Ж.Базарбаев. Миллий идея – жол көрсетиўши жулдыз., Нөкис., «Қаркалпақстан» баспасы 2011-ж. 30- б.